



Konprann kontra ou la ak kouvèti ki disponib yo se kle pou asire ke inite kondomyòm ou a gen pwoteksyon adekwat. Li enpòtan pou ou li ak swen dokiman kontra asirans Citizens ou a pou konprann ki tip kouvèti ki enkli epi tou ki franchiz oswa esklizyon ki ka aplike. Ajan ou la se pi bon sous enfòmasyon si ou gen kesyon oswa enkyetid konsènan asirans ou a.

Pou plis enfòmasyon konsènan kontra ou la ak kouvèti ki disponib, kontakte ajan ou la oswa Citizens nan 866.411.2742 oswa vizite www.citizensfla.com/personal-policies.

Inite Estanda Kouvèti Pwopriyetè*

Kontra asirans pèsonèl pwopriyetè inite kondomyòm nan gen ladan plizyè tip kouvèti estanda.

Kouvèti A – Inite Kondomyòm

Kouvri nenpòt modifikasyon, elektwodomestik ak amelyorasyon ki gen nan inite w la e ki se responsabilite ou dapre yon akò kòporasyon oswa asosyasyon pwopriyetè yo oubyen se yon estrikti ou menm sèlman posedè nan espas la. Yo founi kouvèti a sou yon baz kou ranplasman epi sa depan de tip kontra a ak limit ki chwazi. Kantite minimòm kouvèti a se \$1,000.



Ou bezwen fè yon reklamasyon?

Rele **Citizens First**

Fè reklamasyon ou sou Entènèt nan myPolicy sou www.citizensfla.com/mypolicy
24 èdtan pa jou, sèt jou nan semèn nan
866.411.2742

Scan QR code to report online



Objektif bwochi sa se pou bay enfòmasyon. Si sa ta rive ou jwenn kèk diferans ant bwochi sa ak kontra asirans ou an, se sa ki ekri nan kontra asirans lan ki gen plis valè.

The English version is available at www.citizensfla.com/brochures.

La version en Español esta disponible en www.citizensfla.com/brochures.



Citizens Property Insurance Corporation

866.411.2742

www.citizensfla.com

04/24

Kontra Propriyetè Inite Kondomyòm: Rezime Kouvèti



Kouvèti C – Pwopriyete Pèsonèl

Kouvri valè depresyasyon pwopriyete pèsonèl ak kontni inite kondominyòm ou a tankou, rad, elektwodomestik ak mèb. Kouvèti a baze sou tip kontra ak limit ki chwazi.

Kouvèti D – Pèt Itilizasyon

Kouvri depans siplemantè pou viv ak/oswa valè lokasyon jis si ou a pa ka abite tanporèman nan inite ou la apre yon pèt ki kouvri.

Kouvèti E – Responsabilite Pèsonèl[#]

Kouvri dega kòporèl oswa dega pwopriyete ke ou menm oswa lòt moun ki anba kouvèti kontra a y ap konsidere nou legalman responsab.

Kouvèti F – Pèman Medikal bay Lòt Moun[#]

Kouvri depans medikal rezonab ak nesesè si yon moun blese nan pwopriyete w la.

Kouvèti Pèt Anfonsman Teren[#]

Li enkli otomatikman nan kontra inite kondominyòm ou a san ankenn prim siplemantè.

Kouvèti Evalyasyon Pèt

Kouvri posibilité pou ke kòporasyon oswa asosyasyon an ka evalye pwopriyetè inite kondòminyòn yo akòz de yon pèt dirèk de pwopriyete ke manm yo posede kolektivman e ki te lakòz pa yon risk ki kouvri anba Kouvèti A – Lojman an.

* Limit ak esklizyon ka aplike. Limit kouvèti predetémine yo ka varey. Konsilte kontra oswa ajan ou la pou konfime kouvèti espifistik kontra la ak esklizyon yo.

† Pa disponib nan kategori kontra van sèlman.

Kouvèti Opsyonèl

Kouvèti sila yo disponib pou yon prim siplemantè:

Kouvèti A Ogmante – Inite Kondominyòm

Limit debaz \$1,000 a ka ogmante. Pou kontra miltirisk, risk ki asire nan Seksyon I

yo (pwopriyete) ka elaji pou kouvri kategori pèt siplemantè. Konsilte ajan ou la pou detèmine kouvèti ki pi apwopriye a ou.

Kouvèti Espesyal A – Pwopriyetè Inite Kondominyòm

Risk estanda endike ki asire kont kouvèti pòsyon batiman inite pwopriyetè a (sa vle di, Kouvèti A) ka elaji pou enkli tout risk yo, sof risk ki eskli espesifikman.

Òdonans oswa Lwa Kantite Kouvèti Ogmante

Kouvèti a ka ogmante de 25% a 50% Kouvèti A a.

Kou Ranplasman Pwopriyete Pèsonèl

Kouvèti a ka ogmante pou kouvri kou ranplasman konplè pwopriyete pèsonèl ou a, san depresyasyon, jiska limit Kouvèti C kontra a.

Lweyaj Inite Pwopriyetè a Lòt Moun

Kouvèti a ka chanje pou enkli lweyaj espas rezidans la a lòt moun.

Lòt Karakteristik Kontra

Dediktib (Franchiz)

Yon dediktib reprezante depans ki sot nan pòch ou, moun asire a, ke ou responsab pou ou peye nan yon reklamasyon ki kouvri. Kantite lajan sa a aplike sou kantite total domaj ki kouvri a pou detèmine responsablite Citizens. Pèman yo fèt sèlman si kantite pèt ki garanti a depase dediktib ou an. Ou ka jwenn enfòmasyon sou dediktib ou a nan paj Deklarasyon kontra asirans ou a.

- **Dediktib Siklòn** – Dediktib pou Siklòn ou a se yon depans ou responsab pou li ki sot nan pòch ou epi li dwe depase anvan pou Citizens peye pou domaj siklòn ki kouvri nan kontra asirans ou a. Dediktib pou Siklòn nan an

jeneral se yon montan dola ki pi wo pase lòt dediktib kontra asirans yo epi li baze sou yon pouasantaj nan Kouvèti A ou a.

Dediktib pou Siklòn yo aplike sou yon baz ane kalandriye (sètadi Janvye jiska Desanm). Pandan yon sezón ki chaje ak siklòn, y ap sèlman mande pou ou peye dediktib siklòn ou a yon sèl fwa – menm si ou fè reparasyon nan plizyè tanpèt ki gen non. Rapòte reklamasyon yo epi kenbe fakti pou reparasyon siklòn yo menm si ou pa atenn dediktib ou a nan yon tanpèt. Nenpòt montan ou peye ap aplike nan dediktib Siklòn ou pou ane kalandriye a, sa ki redui pri ou pou nenpòt lòt tanpèt ane sa a.

- **Dediktib Tout Lòt Risk (AOP) Dediktib Siklòn** – Si inite ou la andomaje akòz yon risk ki kouvri ki pa yon siklòn, dediktib Tout Lòt Risk yo (AOP) aplike. Dediktib AOP yo se yon montan dola fiks.

- **Lòt Dediktib Tanpèt Van (Van Sèlman)** – Kontra Van Sèlman yo asire inite ou la kont dega tanpèt van. Tip kontra asirans sa yo gen yon dediktib pou Lòt Tanpèt Van ak yon dediktib Siklòn. Dediktib pou Lòt Tanpèt Van an aplike pou domaj akòz yon tanpèt van (tanpèt twopikal, tònad oswa lagrèl) ki pa yon siklòn ki gen non. Anjeneral, dediktib Lòt Tanpèt Van yo se yon montan dola fiks.

Asirans Inondasyon

Kontra asirans Citizens inite kondominyòm ou a pa kouvri domaj ki soti nan dlo k ap monte (inondasyon, vag, radmare, elatriye). Asirans inondasyon disponib atravè konpayi prive epi Pwogram Nasional Asirans pou Inondasyon. Vizite www.floodsmart.gov oswa kontakte ajan ou la pou ou aprann plis.